



Pou Piblikasyon Imedya: 02/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON FINANSMAN 32 MILYON DOLA POU
PWOMOUVWA ITILIZASYON MATERYÈL AVÈK EMISYON KABÒN KI FÈB NAN
PWOJÈ TRANSPÒ YO**

***Sibvansyon pou Administrasyon Federal Otowout yo pral kontribye nan efò
Depatman Transpò Eta a pou redui emisyon gaz a efè sè***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation, NYSDOT) te resevwa yon sibvansyon 32 milyon dola pou pwomouvwa itilizasyon materyèl avèk emisyon kabòn ki fèb nan pwojè konstriksyon yo. Finansman Administrasyon Federal Otowout (Federal Highway Administration) yo pral kontribye plis nan efò NYSDOT kontinye ap fè yo pou idantifye ak itilize materyèl konstriksyon avèk emisyon kabòn enkòpore ki pi fèb yo, kidonk redui emisyon gaz efè sè yo. Yo te bay lajan an atravè pwogram Sibvansyon pou Materyèl Transpò avèk emisyon kabòn ki fèb (Low-Carbon Transportation Materials Grants), ki te etabli nan kad Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act, IRA) an epi ki bay finansman pou itilizasyon materyèl konstriksyon ki pèmèt yo vrèman diminye nivo emisyon gaz a efè sè yo.

"Kit se sechrès, dife nan forè oswa tanpèt nèj ki bat rekò, Nouyòkè yo santi efè chanjman klimatik yo nan lavi chak jou yo, epi sibvansyon pou emisyon kabòn ki fèb sa yo se yon zouti enpòtan nan efò nou pou nou sispann li." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a Administrasyon Biden-Harris te bay la pral ede nou itilize materyèl ki pi pwòp nan pwojè transpò nou yo, sa ki pral redui kantite gaz a efè sè yo ki lage nan atmosfè a epi pwomouvwa lit nou kont chanjman klimatik la."

Kabòn ki enkòpore refere a estimasyon emisyon gaz efè sè ki pwodui pandan etap sik lavi yon bilding oswa yon enfrastruktir. Kabòn enkòpore reprezante apeprè yon tyè nan emisyon kabòn nan endistri konstriksyon. Seleksyon ak akizasyon materyèl kabòn enkòpore ki pi ba yo mande transparans sou kabòn enkòpore ki asosye ak yon materyèl oswa pwodui yo bay, pou pèmèt konparezon.

Finansman an pral pèmèt pwogram Materyèl Transpò avèk Emisyon Kabòn ki Fèb NYSDOT la kontinye travay pou idantifye materyèl a emisyon kabòn ki fèb yo, adopte espesifikasyon kabòn ki fèb pou materyèl yo itilize an gran kantite nan pwojè eta a epi

elabore nòm pou redui enpak anviwònmantal materyèl konstriksyon yo. Espesyalman, finansman an pral ede NYSDOT:

- Elabore epi aplike aksyon sansibilizasyon ak fòmasyon pou anplwaye ajans yo ak pati ki enterese yo nan endistri a.
- Evalye materyèl avèk emisyon kabòn ki fèb yo pou asire yo reponn a egzijans teknik ak pèfòmans yo.
- Elabore oswa mete ajou espesifikasyon teknik yo pou pèmèt itilizasyon materyèl yo, pwodui ak estrateji ki pèmèt yo jwenn materyèl avèk kabòn enkòpore ki fèb.
- Etabli yon pwosesis pou idantifye, verifye epi itilize materyèl ki gen nivo emisyon gaz a efè sè ki pi ba.

Komisè Depatman Transpò Eta Nouyòk, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Gouvènè Kathy Hochul te endike klèman batay kont rechofman planèt la mande pou nou pa neglije okenn efò pou nou jwenn solisyon pou redui emisyon gaz a efè sè yo nan sektè transpò a. Kabòn enkòpore kontribye anpil nan emisyon gaz a efè sè epi fon federal sa yo pral ede NYSDOT kontinye montre wout la nan idantifye ak itilize materyèl ki pi bon pou klima pou nou kapab pwoteje anviwònman nou an pou jenerasyon k ap vini yo."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Se yon pwojè gayan-gayan: ranfòse pwojè konstriksyon ak materyèl 'Ki Fèt Etazini' epi redui emisyon gaz a efè sè atravè Empire State la. Mwen fyè pou m akòde finansman federal 32 milyon dola sa a nan kad Lwa sou Rediksyon Enflasyon mwen an pou ouvri wout la pou itilizasyon plis materyèl avèk emisyon kabòn ki fèb nan pwojè transpò yo atravè Nouyòk. Finansman sa a, ansanm ak finansman ki soti nan Lwa Bipatit sou Enfrastruktik ak Travay (Bipartisan Infrastructure & Jobs Law) ak lòt pwogram IRA yo, ap poze baz pwojè konstriksyon yo t ap tann depi lontan, pandan y ap redui emisyon kabòn ak dinamize ekonomi an. Mwen rekonesan pou travay Gouvènè Hochul pou fè bon itilizasyon de lajan federal sa yo."

Enfòmasyon sou Depatman Transpò

Se misyon Depatman Transpò Eta Nouyòk pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta Nouyòk.

Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

ANILE ENSKRIPSYON OU